



# Pwoteje Timoun yo Kont Danje Plon

Plon se yon pwazon yo konn jwenn souvan nan penti anyen. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se koz ki pi kouran pou anpwazònman plon kay timoun nan Vil New York. Bilding yo te konstui anvan 1960 yo ka toujou gen penti abaz plon sou mi yo, fenèt yo, rebò fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas yo. Ou kapab jwenn plon an tou nan kèk pwodui moun konsome, epi nan kèk sòl ak sistèm plonbri.

Anpwazònman plon an kapab lakòz pwoblèm aprantisaj ak pwoblèm konpòtman kay timoun yo. Timoun ki pi piti yo gen plis risk pou yo an kontak ak plon an.

## Pou w pwoteje pitit ou a kont anpwazònman plon:

- Raple doktè w la pou l fè tès anpwazònman plon pou pitit ou a lè li gen yon (1) lane ak 2 lane. Si ou pa gen yon doktè, rele **311** pou w jwenn kote pou fè tès pou pitit ou a.
- Fè mèt bilding ou an konnen si gen penti ki dekale, fisire oswa ki lach. Mèt kay yo oblije pran prekosyon pou yo ranje penti k ap dekale a. Si pwoblèm lan pa rezoud oswa si yo ap fè travay reparasyon san prekosyon nan apatman oswa bilding ou an, rele **311** pou mande fè yon enspeksyon gratis.
- Lave atè a, rebò fenèt yo, men yo, jwèt yo ak tetin yo souvan.
- Evite itilize pwodui moun konnen ki genyen plon yo. Kèk pwodui ki soti nan lòt peyi — tankou remèd, manje, epis, jwèt, seramik, pwodui kosmetik ak poud relijye yo — kapab genyen plon ladan yo, menm si yo pa endike li sou anbalaj pwodui a. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou **[nyc.gov/hazardousproducts](https://nyc.gov/hazardousproducts)**.
- Itilize sèlman dlo fre ki soti nan wobinèt la pou w bwè, fè manje ak fè lèt pou tibebe a. Kite dlo a koule pandan omwen 30 segonn jiskaske ou santi li pi fre anvan ou itilize li.
  - Rele **311** pou w jwenn yon kit tès gratis pou dlo potab. Ou ap resevwa rezilta yo nan yon delè 30 jou apre w fin bay echantiyon dlo a.



Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w jwenn enfòmasyon sa yo nan lòt lang, ale sou **[nyc.gov/lead](https://nyc.gov/lead)**.

